

# KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

## SA KI LADAN:

- PWOGRAM POU TIMOUN ANBAZAJ
- FWA KOLÈJ SOU ENTÈNÈT
- TÈS COVID-19 GRATIS

JANVYE 2021

Bilten 13 | NIMEWO 70 |

## NOUVO ANE, MENM ANGAJMAN POU SANTE AK SEKIRITE NAN M-DCPS



Pandan n ap lanse nouvo ane a e retounen nan travay e nan lekòl, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pa febli nan angajman li pou bay priyорite a sante e byennèt elèv ak anplwaye pandan l ap reyalize pwomès li te fè pou l ofri yon edikasyon nan yon anviwònman ki gen sekirite e ki efikas pou tout timoun.

Distri a kontinye suiv règleman sante publik konsènan COVID-19, ki gen ladan toujou dezenfekte etablisman lekòl yo, kouvèti vizaj obligatwa, mezi aplikasyon distans sosyal ak pwemosyon mezi ijyèn pèsònèl, tankou lavaj men pou elèv ak anplwaye. Avèk anpil prekosyon, e akoz ogmantasyon to pozitivite lokalman e nan nivo eta a, pwo sedi 14 jou karantèn Distri a ap rete an plas jiskaske nou bay lòt enstriksyon. N ap kontinye pran konsèy nan men depatman sante lokal la, konseye medikal Distri a ansanm ak

panèl ekspè medikal nou an avan nou aplike nenpòt chanjman nan pwotokòl COVID-19 nou an.

Nou ap kontinye voye enfòmasyon tou bay paran ak anplwaye nou yo konsènan enpòtans pou yo respekte tout pratik prevansyon COVID-19 yo. Nou raple paran yo pou yo konplete depistaj pou timoun yo chak jou avan yo rive lekòl, e yo ka jwenn depistaj sa a lè yo vizite paj entènèt reouvèti Distri a [reopening.dadeschools.net](http://reopening.dadeschools.net).

Nan dat 25 janvye 2021, M-DCPS ap lanse dezyèm trimès aprantisaj li e l ap akeyi lòt elèv nan modèl Bilding Lekòl la.

Pou anpil elèv, patikilyèman sa ki pi jèn yo, tan pwolonje yo fè lwen pwofesè yo, san aprantisaj an pèsòn, e lwen bilding lekòl la lakoz y ap fè eksperyans gwo presyon. Anpil nan yo fè bak akademikman e sa lakoz plis eka nan akonplisman ak opòtinite pou yo.

Depi pandemi an te kòmanse, anplwaye Distri a t ap suiv deprè e analize done sou pwogrè elèv yo. Yo te revizite e reklibre anpil estrateji sipò pou elèv ak fanmi ki te deja egziste e pou amelyore akonplisman jeneral elèv yo. Nou te bay plis enpòtans ak suiv divès eleman enfòmasyon ki gen rapò ak responsabilite akademik pou nou asire nou fè tout efò pou ede redui regresyon elèv, e sa gen ladan retou nan modèl Bilding lekòl la kote elèv aprann pi byen.

Anplis, nou te analize deprè prezans ak angajman elèv. Nou konnen elèv ki gen anpil absans oubyen anpil reta lekòl, keseswa nan bilding lekòl la oubyen sou entènèt, ap rete dèyè nan akonplisman akademik yo. Gen etid ki montre gen yon korelasyon dirèk ant prezans lekòl ak akonplisman elèv. Absans eksesif nan lekòl se endikasyon pou move nòt, pèt enterè e sa ka lakòz elèv kite lekòl.

Patisipasyon paran, patikilyèeman pou timoun ki pi jèn yo, espesyalman enpòtan pou elèv ki angaje yo nan " My School Online (MSO)" (Lekòl Mwen sou Entènèt). Nou ankouraje paran yo pou yo tcheke ptit yo souvan pandan tout jounen an pou asire timoun yo konekte e yo ap patisipe nan klas yo. Nou tcheke prezans nan chak klas

nan MSO, menm jan nou fè sa nan modèl aprantisaj nan Bilding Lekòl la. Nou ankouraje paran pou yo suiv prezans ptit yo tou atravè Pòtal Paran an oubyen yo ka enskri pou resevwa notifikasyon pa imèl.

Pandan n ap anbake nou nan novo ane sa a, nou kontinye asire paran yo

lidè nan distri lekòl nou an, pwofesè ak lòt anplwaye nan lekòl yo ap fè tout efò pou yo sipòte elèv pandan moman difisil sa yo. Nou toujou kenbe angajman nou pou wòl enpòtan n ap jwe nan akonplisman edikasyonèl, sante, ak byennèt chak elèv.

## TÈS COVID-19 GRATIS POU ELÈV



"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) an patenarya avèk Sistèm Sante University of Miami, anonse dat adisyonèl tès COVID-19 gratis ki ap disponib pou tout timoun, laj 4-18 ane nan Miami-Dade County. Tès yo ap fèt atravè Inite Mobil Sistèm Sante Pedyatri a, ki pral disponib nan divès paking lekòl pandan tout mwa a.

<b>22 Janvye</b>	<b>Homestead Senior High School</b>	2351 S.E. 12th Avenue Homestead, FL 33034
<b>25 Janvye</b>	<b>North Miami Beach Senior High School</b>	1247 N.E. 167th Street N. Miami Beach, FL 33162
<b>26 Janvye</b>	<b>American Senior High School</b>	18350 N.W. 67th Avenue Hialeah, FL 33015
<b>27 Janvye</b>	<b>Miami Sunset Senior High School</b>	13125 S.W. 72nd Street Miami, FL 33183
<b>28 Janvye</b>	<b>iTech@ Thomas A. Edison Educational Center</b>	6101 N.W. 2nd Avenue Miami, FL 33127
<b>29 Janvye</b>	<b>Coral Reef Senior High School</b>	10101 S.W. 152nd Street Miami, FL 33157

Men dat ak andwa pou inite mobil tès la, ki ap fèt kòmanse 3:00 – 5:00 nan aprèmidi.

Yon paran/gadyen dwe akonpaye timoun nan pou li teste; yo pa bezwen gen yon idantifikasiyon. Nou ap

resevwa yo menmsi pa te gen yon randevou, men nou ankouraje pou yo fè randevou. Mete yon randevou nan rele 305-243-2059.

Nou ap mete disponib dat tès pou mwa fevriye yo trè pwochènman.

## FWA KOLÈJ NACAC SOU ENTÈNÈT

"The National Association for College Admission Counseling (NACAC)" (Asosyasyon Nasyonal Konsèy pou Admisyon nan Kolèj) pral organize yon kantite fwa kolèj sou entènèt pandan sezon prentan 2021 an. Premye fwa kolèj sou entènèt la ap fèt dimanch 31 janvye 2021. Plis pase 500 kolèj ak inivèsite nan

tout peyi a pral ofri sesyon Zoom pou pataje enfòmasyon sou lavi elèv, karyè, èd finansye, bousetid, ak plis toujou. Konseye kolèj yo ap disponib atravè konvèsasyon tèks pou reponn kesyon endividyèl yo.

Fwa kolèj yo se yon fason ekselan pou ekspoze elèv yo a divès opòtinité

apre segondè ki disponib pou yo. Nan yon efò pou ankouraje yo pou planifye bonè pou kolèj, nou ankouraje elèv lekòl mwayen ak segondè pou patisipe nan yon fwa kolèj. Elèv yo ka enskri pou ale nan youn oubyen nan plizyè nan Fwa Kolèj Vityèl NACAC yo gratis nan [virtualcollegefairs.org](http://virtualcollegefairs.org).



Akoz eksperyans elèv yo chanje anpil depi nou te pase nan aprantisaj a distans nan mwa mas 2020 akòz pandemi COVID-19 la, edikasyon timoun nou yo rete premye priorite nou. Epòk san parèy sa yo chanje fason lekòl nou yo parèt ak fason nou ofri enstriksyon, men nou toujou vle elèv yo reyisi akademikman. Sa mande pou angajman elèv yo pou vini lekòl chak jou, keseswa an pèsòn oubyen sou entènèt, e pou yo rete angaje.

Inisyativ #IGetMySelfietoSchool nou an envite elèv yo pataje yon foto 'selfie' pa yo pandan yo angaje nan aprantisaj, pandan y ap ankouraje

kamarad klas yo pou yo fè menm bagay la, nan aksantye enpòtans pou yo vin lekòl.

Pou patisipe, elèv yo dwe:

1. Fè yon 'selfie' tèt yo pandan yo ap aprann, kesewa an pèsòn oubyen sou entènèt.
2. Poste li sou medya sosyal nan sèvi avèk hashtags **#IGetMySelfietoSchool** ak **#ShowUpMDCPS**
3. 'Tag' kont medya sosyal lekòl yo a ak @miamischools sou Facebook ak Instagram ak @MDCPS sou Twitter.

## M-DCPS SE "KOTE APRANTISAJ KÒMANSE!"



Èske w konnen timoun ki patisipe nan bonjan kalite ekspreyans aprantisaj benefisyé bon ladrès sosyal, yo fè gwo akonplisman akademik, e yo gen pi bon kapasite atansyon? Gen gwo evidans ki montre timoun ki patisipe nan pwogram preskolè delope ladrès matematik ak lekti ki pi solid ansanm ak yon yon seri konpetans ki nesesè pou yo reyisi nan lekòl. Pwogram Edikasyon pou Timoun Anbazaj ak "Voluntary Prekindergarten (VPK)" nan Lekòl Leta Miami-Dade County, nou ofri nan plis pase 200 lekòl atravè konte a fèt pou ofri sèvis glogal bon kalite pou prepare jèn timoun yo pou aprann pandan tout lavi yo.

**"Florida's VPK Program ()" (Pwogram Klas Matènèl Volontè Florid):** VPK, yon pwogram gratis ki prepare timoun katran pou jadandanfan e pi lwen, disponib nan plis pase 200 lekòl atravè konte a. Timoun yo dwe gen 4 ane daj nan dat 1ye septanm 2021 oubyen anvan pou yo enskri. W ap jwenn lis lekòl ki ap patisipe ki disponib sou entènèt la nan <http://earlychildhood.dadeschools.net>.

Pwogram VPK M-DCPS la sèvi ak yon sistèm lotri pou l chwazi elèv. Aprè fanmi yo fin ranpli pake enskripsyon pou lekòl ki nan katye yo anvan dat limit 25 fevriye 2021 an, yo ap antre yo nan lotri VPK a. Lotri a pral fèt 26 fevriye 2021.

## DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

**11 janvye – 10 me**  
Peryòd Enskripsiyon 'Head Start/Early Head Start'

**15 fevriye**  
Obsèvans "Presidents Day" (Jou Tout Prezidan yo)

**26 fevriye**  
Lotri VPK



Se timoun non yo soti nan lotri a n ap chwazi pou antre nan pwogram nan. Ap gen plas ouvè ki disponib nan kèk lekòl aprè dat lotri a. Konsa, paran timoun yo pa t chwazi nan lotri a dwe kontakte Depatman Early Childhood Programs nan 305-995-7632 pou asistans nan jwenn yon plas disponib. Paran ka jwenn "VPK Program Certificate of Eligibility" (Sètifikasi Elijibilite pou Pwogram VPK) ki obligatwa pou aplikasyon an sou sit entènèt biwo 'Early Learning' nan: [www.vpkhelp.org](http://vpkhelp.org)

**Pwogram 'Head Start':** Head Start, yo ofri an patenarya avèk 'Miami-Dade County Community Action and Human Services', se yon pwogram devlopman global konplè timoun, leta federal finanse, pou sèvi timoun ki gen twazan e fanmi yo pa gen gwo mwayen. Pwogram nan gen ladan timoun ki gen andikap e ki ap resevwa yon gwo varyete sèvis pou devlopman yo.

Yo baze elijibilite pou Head Start sou salè fanmi an oubyen anba nivo povrete gouvènman federal la. Peryòd enskripsyon pou ane lekòl 2021-2022 a kòmanse 11 janvye. Fanmi yo ka aplike nan vizite nenpòt nan 34 andwa Head Start M-DCPS atravè konte a e ranpli yon aplikasyon. Fanmi yo ka aplike sou entènèt tou. Pou ranpli yon aplikasyon sou entènèt oubyen pou wè yon lis lekòl ki ap patisipe yo, silvouplè vizite sit entènèt 'Head Start' la nan <http://headstart.dadeschools.net>

**Pwogram 'Reverse Mainstream':** Nou bezwen elèv modèl nan edikasyon jeneral pou yon kantite plas limite nan pwogram "Pre-K special education reverse mainstream" (retire nan kategori edikasyon klas matènèl espesyal e mete nan klas regilye) atravè distri a. Pwogram sa a ofri yon jounen opòtinite konplè oubyen mwatye jounen, gratis pou elèv ki kalifye. Elèv yo kalifye, kòmanse sou laj twazan, e yo dwe gen nivo langaj ki apwopriye ak ladrès sosyal pou laj yo paske yo pral sèvi kòm modèl pou timoun ki gen andikap. Kourikoulòm nan rijid e li ofri elèv yo yon opòtinite pou pran klas preparatwa pou lekti, matematik, syans ak etid sosyal, ansanm ak devlope ladrès sosyal yo nan yon anbyans lekòl. Paran dwe mande lekòl ki sou katye yo

enfòmasyon oubyen yo dwe rele biwo "Pre-K Special Education" (Edikasyon

Espesyal Klas Matènèl) nan 305-271-5701 pou idantifye pwogram ki toupre lakay yo.

Pou plis enfòmasyon, silvouplè vizite <http://earlychildhood.dadeschools.net> oubyen rele 305-995-7632.

## TI KONSEY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

**Konekte Chak Jou**  
<https://bit.ly/38BQNsn>

## REYINYON KOMISYON KONSEY LEKÒL

**25 janvye**  
11:00 dimaten  
Reyinyon Espesyal

**10 fevriye**  
11:00 dimaten  
Reyinyon Regilye



[www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net)

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

## MEDYA SOSYAL



@MDCPS  
@EscuelasMDCPS  
@MiamiSup



@MiamiSchools  
@MiamiSup



@MiamiSchools  
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools

**Komisyón Konsèy  
Lekòl Miami-Dade  
County, Florid**

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Alberto M. Carvalho
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèntandan Lekòl yo
Christi Fraga	Maria Martinez
Doktè Lubby Navarro	Konsèye Elèv nan Komisyón Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	